

## Sendwòm Egi Apre COVID-19: Kesyon Moun Poze Souvan yo

Pifò moun ki genyen COVID-19 rekipere konplètman apre maladi inisyal yo a. Sepandan, kèk moun genyen sentòm ak pwoblèm sante ki dire. Sendwòm egi apre COVID-19, ke yo rele tou COVID pwolonje oswa COVID kwonik, refere ak yon ansanm sentòm ki devlope pandan oswa apre maladi COVID-19 la epi yo kontinye pandan plizyè semèn oswa plizyè mwa. Pafwa yo rele moun ki gen sendwòm egi apre COVID-19 yo transpòtè long distans. Dokiman sa a genyen enfòmasyon sou sendwòm lan ak kote pou ou jwenn swen.

### Kisa sentòm ak pwoblèm ki asosye ak sendwòm egi apre COVID-19 yo ye?

COVID-19 se yon maladi respiratwa (poumoun), men li kapab afekte lòt pati nan kò a tou. Pou rezon sa a, sentòm sendwòm egi apre COVID-19 yo varye anpil. Sentòm ki pi komen yo se epwizman (fatig). Lòt sentòm ki pi komen yo gen ladan difikilte pou domi, tous pèsistan, souf kout oswa doulè nan pwatrin, maltèt, ak doulè atikilasyon ak nan misk. Moun gendwa eksperimante tou paka pran gou ak pran sant, gratèl, pèt cheve, batman kè rapid, transpirasyon lannwit, enkapasite pou kontwole tanperati kò yo, konstipasyon, dyare ak lòt sentòm.

Sendwòm Egi Apre COVID-19 gendwa gen ladan lòt pwoblèm sante grav, tankou:

- **Ansefalomyelit myaljik/Sendwòm fatig kwonik:** Yon maladi konplèks ki gen ladan epwizman, fatig lè moun fè efò, ak difikilte avèk memwa ak konsantre (yo rele tou "bwouya nan sèvo").
- **Kayo nan san ak pwoblèm veso sangan:** Viris ki lakòz COVID-19 kapab fè selil sangan yo gen plis chans pou yo regwoupe yo epi fòme kayo. Kayo sa yo kapab fòme nan poumon yo, janm yo, ren yo oswa nan lòt ògàn yo. Gwo kayo nan kè a kapab mennen nan arè kadyak epi kayo nan sèvo a kapab mennen nan konjesyon serebral.
- **Sante mantal ak byennèt:** Siviv eksperyans COVID-19 egi kapab mennen apre nan sendwòm estrès pòstwomatik, depresyon ak anksyete.

### Èske mwen kapab pwopaje COVID-19 bay lòt moun yo pandan mwen genyen sentòm oswa pwoblèm sa yo?

Moun ki gen sendwòm egi apre COVID-19 yo genyen sentòm yo pandan plizyè semèn oswa plizyè mwa apre yo pa kontajye ankò. Pifò moun ki genyen COVID-19 pa kontajye ankò anviwon 10 jou apre premye sentòm yo a te kòmanse.

### Konbyen tan sendwòm egi apre COVID-19 yo dire?

Genyen yon entèval tan ki varye pou rekiperasyon, epi li kapab pran plizyè semèn, plizyè mwa oswa pi long pou sentòm yo ale konplètman.

### **Ki moun ki anba risk pou sendwòm egi apre COVID-19?**

Etid yo montre ke sendwòm egi apre COVID-19 gendwa plis komen lakay moun ki gen plis laj, fanm yo, ak moun ki gen obezite, yon pwoblèm sante mantal, oswa twa oswa plis pwoblèm kwonik (tankou maladi poumon, dyabèt oswa ipètansyon). Sendwòm egi apre COVID-19 plis komen tou lakay moun ki te genyen maladi COVID-19 grav ki te egzije yo entènè lopital. Sepandan, nenpòt moun kapab eksperimante sendwòm egi apre COVID-19, menm jèn granmoun yo ak moun ki otreman an sante, ak moun ki te genyen sèlman COVID-19 leje.

### **Kijan yo trete sendwòm egi apre COVID-19?**

Genyen anpil bagay nou toujou pa konnen sou sendwòm egi apre COVID-19. Tretman an baze sou sentòm chak moun genyen epi li gendwa gen ladan reyabilitasyon fizik, egzèsis respirasyon ak mantal, ak medikaman tankou kòtikostewoyid oswa antikowagilan. Moun ki gen sentòm ki pèsite yo ta dwe chèche swen nan men yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki gen sendwòm egi apre COVID yo gendwa bezwen tou pou yon espesyalis maladi enfektye, kè, poumon, ren oswa lòt trete yo depandaman de sentòm yo a.

### **Mwen panse mwen genyen sendwòm egi apre COVID-19. Kisa m dwe fè?**

Si ou genyen sentòm ki pèsistan fè swivi avèk pwofesyonèl swen sante ou oswa refere ou ak lis [Klinik pou Swen Apre COVID yo](#) pou ou pwograme yon randevou avèk ekip swen sante plizyè disiplin lan ki gen ekspètiz nan swen apre COVID yo. Si se yon ijans medikal, rele **911**.

Konsidere rejwenn yon gwoup sipò tankou [Body Politic](#) oswa [Survivor Corps](#) pou ou konekte avèk lòt moun ki gen sendwòm sa a ak pou plis enfòmasyon. Lòt resous yo gen ladan:

- [COVID Advocacy Exchange](#)
- [National Patient Advocate Foundation](#)
- Gwoup sou Facebook tankou "Long Haul COVID fighters"

### **E si mwen pa genyen yon pwofesyonèl swen sante oswa asirans sante?**

Si ou bezwen yon pwofesyonèl swen sante, NYC Health + Hospitals ap resevwa tout Nouyòkè, kèlkeswa sityasyon imigrasyon oswa kapasite pou peye yo. Vizite [nychealthandhospitals.org](http://nychealthandhospitals.org) pou plis enfòmasyon ak pou chèche yon pwofesyonèl swen sante, oswa rele 844-692-4692 oswa **311**. NYC Health + Hospitals genyen etablisman ki espesyalize nan sendwòm egi apre COVID-19.

### **Èske mwen ta dwe pran vaksen si mwen genyen sendwòm egi apre COVID-19?**

Wi, piske li posib pou ou genyen COVID-19 ankò, ou ta dwe pran vaksen an. Vaksen yo san danje epi yo kapab ranfòse pwoteksyon kò ou te deja bati a.

Vizite [nyc.gov/vaccinefinder](http://nyc.gov/vaccinefinder) pou ou jwenn yon sit vaksinasyon epi pou ou pran yon randevou. Ou kapab rele tou 877-829-4692 pou ou pran yon randevou nan yon sit NYC.

**Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sityasyon an ap evolye. 4.5.2021**